*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№74 (26526)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 28 апрель – хуымгæнæны мæйы 28 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ЧЕРНОБЫЛЫ БÆЛЛÆХ
*Цыртдзæвæнил сæвæрдтой дидинджытæ*

3 УÆЛАХИЗЫ БОНМÆ
*Дудиаты æхсæз хæстоны*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Хъæбысхæст*

**Хицауады æмбырд**

## Хъармгæнæн рæстæг фæуыдзæн фыццæгæм майы

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО амыдта республикæйы Хицауады радон æрвылкъуырион аппаратон æмбырд. Регионы оперативон уавæр æмæ æндæр ахсджиаг фарстатыл ныхас кодта министрадтæ æмæ ведомствæты разамонджытимæ, районты хиуынаффæйады администрациты сæргълæуджытимæ.**

РЦИ-Аланийы Граждайнаг хъахъхъæнынад æмæ æнæнхъæлæджы уавæрты комитеты сæрдар **Александр Хоружий** йæ доклады фехъусын кодта республикæйы оперативон уавæр:

– Ивгъуыд къуырийы дæргъы Цæгат Ирыстоны æппæт сæрмагонд службæтæ дæр архайдтой æрвылбоны цæттæдзинады уавæры. Цæгат Ирыстоны 20 апрелæй 26 апрелмæ æрцыд 5 зынгсирвæзты. Хъыгдард дзы ничи баййæфта. Цæгат Ирыстоны автоинспекцийы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, республикæйы фæндæгтыл æрцыд 84 фæндаггон фыдбылызы. Хъыгдард дзы баййæфтой 11 адæймаджы, дыууæ дзы фæмард сты. Республикæйы хæххон районты тæссаг у зæйтæ рацæуынæй. Афæдзы райдайæнæй нырмæ сæхи 'гъдауæй рацыдысты 43 зæйы. Хъыгдард дзы ничи баййæфта. Арвыком æмæ Транскамы фæндæгтыл ацæуыны бар ис автотранспорты æппæт хуызтæн дæр. Республикæйы фæндæгтыл лæууы 2870 транзитон уæзласæн машинæйы, 2800 та – электронон рады. Уæрæсейы Федераци æмæ Гуырдзыстоны арæныл уæлдæр амынд рæстæгмæ дыууæрдæм ахызтысты 14450 автотранспортон иуæг æмæ 35600 адæймаджы.

Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады хъусынгæнинагмæ гæсгæ, фараст оперативон къорды районты администрацитимæ иумæ æрвылбон дæр бæрæг кæнынц республикæйы цæугæдæтты доны æмвæзад. Фидаргонд цæуынц цæугæдæтты былгæрæттæ, цæмæй, Цæгат Ирыстоны, Дагестаны цы фыдбæллæхтæ 'рцыд, ахæмтæ ма 'руадзой.

Цæгат Ирыстоны «Роспотребнадзор»-ы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, республикæйы эпидемиологион уавæр у нывыл. ОРВИ-йæ рынчынты нымæц у æрвылазы эпидемион бæрæггæнæнтæй 3,8 проценты ныллæгдæр. Рынчынты 70 проценты сты сывæллæттæ. Грипп республикæйы ныр æхсæзæм къуыри бæрæггонд не 'рцыд. Ивгъуыд къуыри ног коронавирусон инфекци разынд дыууæ адæймагмæ.

Ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæйы** ныхасмæ гæсгæ, нæ республикæйы æппæт ахуырадон уагдæттæ дæр кусынц æрвылбоны фæткыл. Грипп æмæ ОРВИ-йы аххосæй æхгæд уагдæттæ республикæйы нæй.

– Ацы къуыри ахицæн уыдзæн Профессион дæсныдзинады 2-æм республикон сывæллæтты чемпионат «Мастерята Алании-2026». Архайдтой дзы 1700 ахуырдзауы республикæйы алы скъолатæй. 207 ахуырдзауы рацыдысты регионалон къæпхæнмæ, – загъта министр.

Дзæуджыхъæуы хиуынаффæйады администрацийы сæрдар Милдзыхты Вячеслав фехъусын кодта, ацы аз акци «Посмотри на их лица»-йы архайынæн 1073 курдиаты кæй балæвæрдтой, уый. Ныридæгæн уал хæстонты хуызистытæ бацахстой рекламон рæстæмбис фæзуæтты 40 проценты. Йæ ныхасмæ гæсгæ, 5 маймæ æппæт уыцы бынæттæ хуызистытæй æмбæрзт æрцæудзысты.

Сергей Меняйло фæбæрæг кодта:

– Куыддæр иунæг рекламон конструкцийыл дæр коммерцион рекламæ фенат, афтæ-иу æй æртонут. Æрмæстдæр ветерантæ æмæ хæстонты хуызтæ!

Ноджы ма республикæйы Сæргълæууæг районты разамонджытæн бафæдзæхста, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Уæлахизы бонмæ мемориалтæ æмæ цыртдзæвæнтæм куыд æмбæлы, афтæ базилын. Алагиры районы разамонæгæн бахæс кодта Алагирмæ бацæуæны мемориал «Танк Т-34», стæй йæм, цы асинтæ цæуы, уыдон дæр баныввыл кæнын.

– Иу бон та мæхæдæг машинæйы сбаддзынæн æмæ сыл æрзилдзынæн, – загъта Сергей Меняйло.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады администрацийы разамонæг **Гобеты Ибрагимæн** Сергей Меняйло бафæдзæхста, районты разамонджытæ цæрджыты курдиæттимæ куыд кусынц, уый сбæрæг кæнын.

Цæгат Ирыстоны зымæджы хъармгæнæн рæстæг фæуыдзæн фыццæгæм майы. Уый тыххæй æмбырды фехъусын кодта РЦИ-Аланийы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министр **Хъараты Тимур**.

Сергей Меняйло республикæйы министрадæн бафæдзæхста, цалынмæ хъармгæнæн рæстæг цæуы, уæдмæ, электрон рухс æмæ иннæ царды ахсджиаг фæрæзтæ цæрджытæм æнæкъуылымпытæй куыд хæццæ кæной, афтæ, стæй зымæджы ног хъармгæнæн рæстæгмæ цалцæджы проект бацæттæ кæнын.

Æмбырды ныхас цыд æндæр ахсджиаг фарстатыл дæр.



**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

**Профессион бæрæгбон**

## Тагъд æххуысмæ – алкæддæр цæттæ

**Йæ профессион бæрæгбоны дæр кусгæ кæны Тагъд æххуысы республикон станцæйы коллектив. Рæстæмбис нымадæй сæм суткæмæ фæдзурынц 600-650 хатты, медицинон æххуыс кæнынмæ уыцы рæстæг атагъд кæнынц 68-70 бригады.**

– Республикæйы аст район æмæ Дзæуджыхъæуы цæрджытæн лæггад кæны нæ станцæ. Уыимæ, дæрддзæг æмæ бæрзонд æвæрд хъæуты цæрджытæ дæр махæй исынц æххуыс. Мæцутæ, Мызур, Фыййагдон, Лескен, ныр та ма сыл бафтыд Мамысон дæр – алы ран дæр цæттæ сты рынчыны уæлхъус æрбалæууынмæ, – зæгъы станцæйы сæйраг дохтыр **Туаты Таймураз**. Фæндзæм аз кусы йæ разамонæгæй, æмæ дзы уæдæй цы ивддзинæдтæ 'рцыд, уыдон фæзындысты адæмæн лæггад кæныны хъуыддаджы. Нæ алфамбылай регионты 'хсæн республикон станцæ зынгæ хуыздæр уавæрты кусы: специалисттæй цух не сты, рынчынмæ цæуыны рæстæг къаддæр у, сæ автопарк ивд æрцыд ног хæдтулгæтæй, сæ мидæг цы кусæнгæрзтæ ис, уыдонимæ. Алы бригадæйы дæр ис планшет, уый фæрцы ныр æртæ азы пайда кæнынц электронон документацийæ. Нæ сыхаг республикæты дæр уыцы ногдзинæдтыл кусынц.

Тагъд æххуысы станцæйæн афæдзы кæцыфæнды афон дæр бирæ куыст ис. Йæ разамонæджы хъуыдымæ гæсгæ, коллективы кæрæдзийы хорз кæй æмбарынц, уый сæвзæрд уавæрæй рацæуынæн стыр ахъаз у. Чидæр нæ хъуамæ иннæйы бамбара, æмæ уæд къуырцдзæвæнæй рацæуын дæр æнцондæр вæййы, зæгъы. Чи дзы кусы, уыдоны иннæ медицинон кусджытæй хицæн кæны сæвзæрд уавæрæй тагъд рацæуынæн мадзæлттæ саразын. Чи сæм æрбадзуры, уыдон алы хатт иугæндзон нæ вæййынц, вæййы дзы, йæ психикæ йæ бынаты кæмæн нæй, ахæмтæ. Науæд наркотиктæ æмæ хъæбæр нозты азарæй рынчынтæ, сæ фæстиуджытæ аиуварс кæнын та станцæйы кусджытæм æрхауы. Ахæм рæстæг та уæззау зондыл хæст хъуамæ уа тагъд æххуысы кусæг. Цавæр миниуджытæй æххæст сты коллективы дохтыртæ, фелсыртæ æмæ медицинон хотæ, зæгъгæ, куы бафарстон Таймураз Гайозы фырты, уæд ратта ахæм дзуапп:

– Зонынджын, хæрздзæттæ, ам кусын кæй фæнды, ахæмтæ, – уыд цыбыр йæ ныхас.

Рæхджы ма бафтдзæн станцæйы медицинон кусджыты нымæцыл. Ахуыры рæстæг Цæгат Ирыстоны Медицинон колледж æмæ Медицинон академийы студенттæн ис фадат кусынæн. Сæ рауагъдонтæ



сæрмагонд ахуырты, стæй тагъд æххуысы ординатурæ каст фæуыны фæстæ æрбаздæхдзысты ацы кусæндонмæ дохтыртæ æмæ фелсыртæй. Тагъд æххуысы республикон станцæйы хуыздæр кусджыты та абон схорзæхджын кæндзысты алыхуызон хæрзиуджытæ æмæ кады гæххæттытæй. Ацы бон сæ къаддæр цы хъæуа сæ профессион хæстæ æххæст кæнын, уый сын нæ зæрдæ зæгъы.

– Æнæниз уæнт сæ хиуæттимæ, сæ куыстæн аккаг аргъгонд цы цæуа, уый сын зæгъы мæ зæрдæ! Ууыл кæй архайæм, уый уынынц, æмæ йын, аргъ кæнгæйæ, тырнынц сæ хæстæ æнæзæрдæхудтæй æххæст кæнынмæ, – кæронбæттæны загъта сæйраг дохтыр.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ,**
**авторы ист къам**

**Акци**

## «Уæлахизы диктант»

**Политикон парти «Иугонд Уæрæсе» æстæм хатт баххæст кодта акци «Уæлахизы диктант». Адæм историон текст ныффыстой Уæрæсе æмæ 97 фæсарæйнаг бæстæйы 37,7 мин бынаты.**

Дунеон патриотон акци баххæст кæныны кадæн, Мæскуыйы æрбынæттонуæвæг Уæлахизы музейы арæзт æмбырды ныхасгæнгæйæ, «Иугонд Уæрæсе»-йы сæрдар **Дмитрий Медведев** загъта:

– Фыдыбæстæйы Стыр хæсты истори уæрæсейæгтæн нымад у национ номарæны ахсджиагдæр хайыл. Стæмтæй фæстæмæ æппæт бинонтæм ис хæсты архайæг хи хъæбатыртæ. Хорздзинад æвзæрдзинадæй рахицæн кæнын, стæй нацистон тырысатæ ногæй уæлæмæ чи исы, уыдонæн карз ныхкъуырд дæттын нын чи 'ххуыс кæны, ис нын ахæм иумæйаг истори, нæ удварнон æнцой.

Партийы сæрдар куыд бафиппайдта, афтæмæй, Адæмты иудзинады аз нымайгæйæ, диктант æппæт адæмыхæттыты минæвæртты сгуыхтдзинæдтæм стыр æргом здахы.

– Сæрмагонд æфсæддон операциимæ баст фарстатæ стыр бынат ахсынц. «Уæлахизы диктант»-ы æнæуаргæ хайыл нымад чи у, æхсæнад сæрмагонд операциимæ баст уыцы фæндоныл сразы. Абон Уæлахиздзауты фæлтæры бындартæ неонацизмы ныхмæ ногæй тох кæнынц. Ныридæгæн ацы адæймæгты сгуыхтдзинæдтæ Фыдыбæстæйы историмæ хаст æрцыдысты, – загъта Дмитрий Медведев.

Партион проект «Историон номарæн»-мæ цæстдарæг, партийы Центрон æххæстгæнæн комитеты разамонæг **Александр Сидякин** куыд загъта, афтæмæй ацы аз «Уæлахизы диктант» æххæст кæнынц Советон Цæдисы Маршал Георгий Жуковы райгуырды 130 азы кадæн. Сырх фæзмæ бацæуæны цур æфсæддон разамонæг бæхыл куыд бады, акцийæн фæзынд уый æвдисæг ног логотип дæр.

– Нæ европæйаг знæгтæ хæсты хабæрттæ зыгъуыммæ куы 'вдисынц, дунеон ахуыргæнæн чингуытæ ногæй куы фыссынц, стæй, нацизмы æндидзынадæн ахъаз куы кæнынц, дунеон «Уæлахизы диктант» æххæст кæнæм ахæм вазыгджын заман. Нæ бæстæйы истори æмæ хæсты тыххæй æнæхин хабæрттæ чи зоны, милуангай ахæм адæймæгтæ диктанты кæй архайынц, уый нымайын хабæрттæ зыгъуыммæ æвдисæг хинæйдзæгтæн нæ дзуаппыл. Президенты грантты фонды æххуысæй æрвылаз кæй аразынц, уыцы акци «Уæлахизы диктант» у парти «Иугонд Уæрæсе»-йы æппæтæй стырдæр политикон æмæ патриотон дзыллон мадзал, – загъта Александр Сидякин.



«Уæлахизы диктант» фыссын кæй райдыдтой, уый тыххæй хабар фехъусын кодта Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ветеран **Евгений Макаров.**

Историон текст ныффыссынæн Цæгат Ирыстоны бацæттæ кодтой 211 бынаты.

– Диктант ныффыссæг авд мин цæгатирыстойнаджы 'хсæн уыдысты депутаттæ, студенттæ, скъоладзаутæ, суворовонтæ, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ, стæй национ-культурон æхсæнæдтæ æмæ алыхуызон ведомствæты минæвæрттæ. Адæмæн уыд онлайн уагæй дæр акцийы архайыны фадат. Диктант фыццаг хатт ацыд Плиты Иссæйы номарæн хæдзар-музейы, Хæлардзинады хæдзары, «Уæрæсейы пост»-ы хайæдты, стæй «РусГидро»-йы филиалы. Ацы аз акцийы архайджыты 'хсæн уыдысты профцæдисты, «Фыццæгты змæлд»-ы, стæй Пысылмæттæ æмæ хъазахъхъæгты удварнон управлениты минæвæрттæ. Нæ хистæрты Цытджын сгуыхтдзинады тыххæй номарæн хабæрттæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ хæццæ кæнын хъæуы æмæ, партийы Адæмон программæ æххæстгæнгæйæ, ацы хъуыддагæн ахъаз кæнæм, – зæгъы «Иугонд Уæрæсе»-йы регионалон хайады нымæрдары хæдивæг **Едзойты Марат.**

Раздæр куыд уыд, афтæ ацы хатт дæр Уæрæсейы Рухсады министрады æххуысæй дзыллон мадзалæн фадæттæ саразтой æппæтуæрæсеон политикон парти «Иугонд Уæрæсе», бæстæйы Историон æхсæнад, Æфсæддон-историон æхсæнад æмæ æндæр организацитæ.

**САНАТЫ Альбинæ**

**Зиу**

## Сæ бавнæлд фæрæстмæ



**Сыгъдæгдзинад адæмы иумæйаг зондахастыл дзурæг у. О, æцæгдæр, иутæ сæ зæрдæйы дзæбæхæн сæ фæстæ бырæттæ алы рæтты калынц, иннæтæ та сæ бафснайынц.**

Уæдæ куыд! Æндæрхуызон нæ уайы, кæд уыцы æнæрхъуыдытæ дæр фæзондджындæр уаиккой. Афтæ ацы сабат дæр æфснайджытæн ссис сæ фидардзинад æмæ иудзинады бæрæггæнæг. Кæд æмæ уазал къæвда уарыд, уæддæр Дзыллон хабархæссæг фæрæзты комитеты кусджытæ рацыдысты зиумæ.

Æмвæнд æмæ æмзонд кæй уыдысты, уымæ гæсгæ уайтагъд Мыхуыры хæдзары цур, йæ алфамбылæйттæ цæхæр акалдтой. Фæбæрæг зиууæтты архайд. Мыхуыры хæдзар ныртæккæ алкæуыл дæр æмбæлы уалдзыгон сыгъдæгдзинадимæ. Зиууæттæй алкæмæн дæр бузныг, сæ бавнæлд фæрæстмæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Хъусынгæнинаг**

## РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды тыххæй

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты фæндзæй фыццæгæм æмбырд уыдзæн 2026 азы 29 апрелы 10 сахатыл Хицауады Хæдзары æмбырдтæ аразæн залы (Сæрибары фæз, 1).**

**Депутаттæ æмæ хуынд адæмы регистраци кæндзысты 2026 азы 29 апрелы 9 сахатæй фæстæмæ Хицауады Хæдзары фойейы.**

**Телефонтæ: 53-13-06, 53-33-16.**



Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **28 апрелы** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **5 – 10 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,58 | Хурыскаст — 04,59 | Хурныгуылд — 18,57

Валютæйы аргъ | Доллар — 74,09 | Евро — 85,41

12 +

Чернобылы бæллæх

# Цыртдзæвæныл сæвæрдтой дидинджытæ







**Дзæуджыхъæуы Чернобылы бæллæхы амæттæгтæн цы цыртдзæвæн æвæрд æрцыд, ууыл РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО сæвæрдта дидинджытæ.**

Чернобылы бæллæхы 40-æм аз зæрдыл дарыны æмбырды бацархайдтой РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Александр Реутов**, Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы разамонæг **Милдзыхты Вячеслав**, æххæстгæнæг хицаудзинады оргæнты хицæуттæ, æхсæнады æмæ ветеранты организациты минæвæрттæ.

Уыцы æвиръхау бæллæхы азарæй чи фесæфт, уыдоны нæмттæ ссардтой, минут æдзæмæй алæугæйæ. Сергей Меняйлойы ныхасмæ гæсгæ, Чернобылы бæллæх фæивта æнæхъæн бæстæйы адæмы хъысмæт. «Цæгат Ирыстонæй уырдæм атагъд кодтой дыууæ мин адæймагæй фылдæр, бавнæлдтой бæллæхы фæстиуджытæ иуварс кæнынмæ. Уæззау уавæрты уыдысты, кæронмæ йæ æмбаргæ дæр нæ кодтой, фыдбылыз кæй онг ахæццæ, уый. Фæлæ уæддæр сæ хæс æххæст кодтой. Се 'нæниздзинад, сæ цард нывондæн æрхастой, фæлæ уæддæр бахъахъхъæдтой адæмы æмæ нæ бæстæ», – загъта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг.

Чернобылы Атæмон электростанцæ срæмыгъта 1986 азы 26 апрелы. Уыцы хъомысджын срæмыгъд уæлдæфмæ раппæрста радиоактивон тæссаг фæрæзтæ. Уыцы уылæн ахæссыд Советон Цæдисы фæзуаты 140 мин квадратон километрыл. Цард дзы 7 милуан адæймаджы. Уæрæсейы алы аз дæр 26 апрелы æрымысынц уыцы фыдбылызы амæттæгты, бæллæхы фæстиуджытæ иуварсгæнджыты.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Семинар

# Ахуыргæнджытæ дæр ахуыртæм цæуынц



**Дзæуджыхъæуы Методикон центры хъæппæрисæй 48-æм астæуккаг скъолайы уыд ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджыты семинар.**

Архайдтой дзы центры методист **Æгъуызарты Иветæ**, сылгоймæгты комитеты минæвæрттæ **Мысыкаты Беллæ, Коцойты Зинаидæ** æмæ **Сохиты Оксанæ**, ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ Дзæуджыхъæуы скъолатæй.

Семинармæ рахастæуыд фæсурокты архайды фæрцы мадæлон æвзаг ахуыр кæнынмæ цымыдисдзинад æвзæрын кæнынимæ баст ахсджиаг фарстытæ:

1. ахуырдзаутæн æхсæнады цæрынæн хъæугæ социалон фæлтæрддзинад æмæ, æхсæнады цы хæзнаты къæбиц ис, уыдон сæххæст кæнынæн фадæттæ саразын;
2. граждайнаг бæрнондзинад æмæ хиæмбарынадæн ног уавæрты цæрынмæ цæттæ кæнын;
3. мадæлон æвзаг бахъахъхъæнынæн æмæ рæзынæн алыхуызон мадзæлттæ аразын.

Семинар байгом кодта Дзæуджыхъæуы 48-æм астæуккаг скъолайы методикон иугонды сæргълæууæг **Беккуызарты Фатимæ**. Фæлтæрдджын ахуыргæнæг раарфæ кодта æрбацæуæг адæмæн. Дарддæр радзырдта фæсурокты куысты хуызтыл, рæгъмæ рахаста, фылдæр æмæ ахадгæдæр цæмæй пайда кæнынц, уыдæттæ.

Фатимæ бæстон æрдзырдта, ацы куыст ирон аив дзырды райрæзтæн цы æххуыс у, ууыл. Скъолайы театралон къорд «Сæуæхсид»-ы фæзындыл рауад лæмбынæг ныхас. Къорд куыд кусы, йæхиуыл куыд архайы, æмæ цавæр æнтыстытæ бафтыд сæ къухы, уыдæттыл дзырдта Беккуызарты Фатимæ.

Практикон æгъдауæй ахуыргæнджытæн стыр ахъаз фæци 48-æм скъолайы ахуыргæнджыты арæхстдзинад равдисыны хъуыддаг. **Куыдзойты Джульеттæ** æмæ **Дзебысаты Ларисæ** раргом кодтой, æрвылбон дæр цы фæсурокты куысты хуызтæй пайда кæнынц, уый.

Бузныг, скъоладзауты бынæтты чи бадт, уыцы ахуыргæнджытæн. Уыдон сæрæнæй архайдтой пантомимæйы, самадтой зонындзинæдты мæсыг, абалц кодтой Морфологийы бæстæмæ, раргом кодтой аив дзырды гæнæнтæ.

Фæсурокты архайд рæзын кæны ахуырдзаутæм уарзондзинад ирон æвзагмæ, тырныныдзинад сфæлдыстадон гæнæнтæм, бæрзонддæр æмæ арфдæр кæны сывæллæтты зонындзинæдтæ мадæлон æвзаг æмæ литературæмæ, адæмон сфæлдыстад æмæ историмæ, ирон æгъдæуттæ æмæ культурæмæ.

Кæронбæттæны не 'рыгон актертæ рацыдысты сценæмæ æмæ уазджыты зæрдæтæ балхæдтой сæ курдиатджын архайдæй. Рахастой кæсджыты размæ Темыраты Дауыты пьесæ «Тæрхон», сæ зæрдæтæ сын барухс кодтой сæ зард æмæ кафтæй.

**Дзæуджыхъæуы 48-æм астæуккаг скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ**

Алагиры районæй

# Уыд закъон æмæ адæймаджы фарс

**Азтæ размæ згъорынц, ничи сæ бауромдзæн, фæлæ уæддæр РЕУАЗТЫ Лилия йæ зæрдыл дары йæ фыд Хъуыбадыйы фæдзæхст: «Дæ цуры чифæндыдæр уæд, зон: уый адæймаг у. Кæд фыдгæнæгимæ дзурыс, уæддæр хъуыды кæн, кæй йын ис хи хъысмæт æмæ цæстæнгас». Нæ аивта Лилия царды равзæрст фæндаг, нæ аивта йæ ахаст адæймагмæ.**

Нырма рæзгæ саби уыд Реуазон, уæддæр æй фæндыд слестгæнæг суæвын. Фæсте аззадысты куысты азтæ, фæлæ дзы йæ фыды ныхæстæ рох не сты. Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады слестгæнæн дæлхайадмæ æрыгон чызг æрбацыд 1994 азы, йæ диплом райста Красноярскы университеты. Фæстæдæр мидхъуыддæгты ведомствæ районты хайæдты скодта юристтæ-консультантты бынæттæ. Реуазты чызджы бахъуыд стажировкæ кæнын министрады барадон хайады.

Сæ разамонæг уыд Дамбегаты Анеттæ. Юристтæ йæ фарстой, цавæр закъæттæ æмæ бардзыртæ хъуамæ зоной сæ архайды, уымæй. Йæ дзуапп уыд ахæм: «Æппæт закъæттæ дæр» æмæ ма фæбæрæг кодта: «...хъуамæ сæ иттæг хорз зонат, уымæн æмæ сымахмæ хаудзæн барадон экспертизæ кæныны хæс». Анеттæйы дзуапп ууыл дзурæг уыд, æмæ «Иу закъон зонын, иннæ та мын æнæзонгæ у» зæгынæн бынат куысты нал уыд.

Ахъуыды кæн, уæд уголовон хъуыддаг раргом æмæ барадон экспертизæ кæныны бирæ хицæндзинæдтæ нæй. Гуырысхойаг аххосджын у æви æнаххос, уый раиртасын, службæйы рæстдзинад сбæрæг кæнын, барадон экспертизæ дæр домы архайд, зонындзинæдтæ. Кæд æмæ экспертизæ цавæрдæр аипдзинад, рæдыд ссардта, уæд пъæлицæйы кæцыфæнды кусæг



дæр хъуамæ æфхæрд баййафа. Фæлæ Реуазон алы цаумæ дæр каст лæмбынæг, бæстон.

Лилияйы хъæздыг фæлтæрддзинады бирæ алыхуызон фыдракæндтæ уыд, фæлæ дзы, йæхи загъдау, йæ зæрдыл бадардта сидзæрты хæдзары хъомылгæнинаджы. Уый Тымбыл Хъæды Дзуары бынæй радавта мысайнæгтæ. Ссардтой йæм сæ, уыйас бирæ дæр нæ уыдысты, хъуамæ йæ арвыстаиккой рæстæгмæйы слестгæнæн изоляторымæ. Фæлæ Лилия уыдта, рæзгæ лæппу куыд фæсмон кæны, уый æмæ æрхатыд уæды прокурор Къониаты Ибрагиммæ. Лæппуйы фæдардтой районы хайады ахæстоны, уæдмæ рабæрæг, ноджы дæр ма ахæм дæвдтытæ кæй акодта, уый...

Юрист-консультантæй кусгæйæ дæр Реуазты Лилия кæддæриддæр уыд закъоны фарс, фæлæ уæддæр йæ бон уыд адæймаджы уавæр бамбарын, кæмдæр «адвокаты» бынат дæр бацахсын. Уæдæ районы милицæйы, уый фæстæ та пъæлицæйы хайады разамонджытæн Лилия фæзæгъы бузныг. Æмбæрстой йæ: закъоны фæлгæты цавæрдæр лæмæгъдзинæдтæ æруадзын сæ бон уыд. Уымæй службæгæнæг йæ рæдыд дæр æмбæрста, йæ фæндаг дæр æхгæд нæ цыд.

Юрист-консультант кæддæриддæр вæййы ног закъæттæ, бардзырдтæ базонынæй хæсджын, раст цыма ахуырдзау у, афтæ. Дæсныйад райсын кæддæриддæр ахсджиаг вæййы, фæлæ, Лилияйы хъуыдымæ гæсгæ, адæймаг хъуамæ уа фæллойуарзаг, бæрнон, хъуыддæгтæ раст æххæстгæнæг. Барадон фæтк кæд ивы, уæд уыдæттæ хæссын, амонын хъæуы иннæтæн дæр.

Реуазты Лилия ныртæккæ пенсийы ис, капитаны цины ацыд йæ фæллад уадзынмæ, уæддæр æм арæх æрхатынц адæм сæ тыхстдзинæдтимæ. Йæ бон куыд у, афтæ сын бацамоны, хъуыддаг бамбарын кæны. Йæхæдæг та бавнæлдта æнæхæдзар куыйтæн æххуыс кæнынмæ, хæринаг сын æрбахæссы, бафсады сæ. Куыдфæндыйы цæстæй цардмæ, адæммæ æмæ цæрæгойтæм нæ кæсы.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ, Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**

# Æнæмæлгæ полкъ





КУЫДЗОЙТЫ Афанас



КУЫДЗОЙТЫ Афай



СКЪОДТАТЫ Дзамболат



СКЪОДТАТЫ Кермен



ДЗГОЙТЫ Ислам



ГÆДЖЫНАТЫ Бекызæ



ТАБОЛТЫ Майран



ТАБОЛТЫ Мандзи (Соломон)



БАЛАТЫ Батырбег



ДЗОБЕЛАТЫ Хатæхцыхъо



ТАБУТЫ Михал



ХЪЕСАТЫ Георги

Уæлахизы бонмæ

# Дудиаты æхсæз хæстоны

**Ирон адæмæн сæ рагфыдæлтæй баззадысты лæгдзинад, æхсар, знагмæ æнæуынондзинад, сæрибардзинад, уæлахиз кæнæ мæлæт.**

**Ирон адæм сæ къухтæм райстой хæцæнгарз. Фæцыдысты хæсты быдырмæ. Цыдысты æнæхъæн бинонтæй. Фыд æмæ фырт хæцыдысты фæрсæй-фæрстæм. Æфсымæртæ алы фронтты дæрæн кодтой знæгты.**

**Иу хæдзарæй цыдысты фондз — æхсæз — авд æфсымæры. Уыдон нæ хъуыды кодтой сæ хъæстæйыл. Уыдон зыдтой иу хъуыддаг: знаг нын нæ зæхх ма змæнтæд, йæ къæхты бын нæ ма кæнæд. Уыдонимæ уыдысты заманхъуйлаг Дудиаты æхсæз æфсымæры: Мудзыр, Мæхæмæт, Солæман, Чермен, Рамазан æмæ Аслæнбег. Абон нæ ныхас у уыдоныл.**

## Ныййарджытæ

**Дудиаты Хæчъассæ, Елæмырзæ, Хадзыбатыр, Гетта æмæ Бæкко иу мад æмæ фыдæй райгуырдысты паддзахы рæстæг. Революци бавзæрстой. Фæцардысты советон дуджы. Æцæг дыууæйæ, Хæчъассæ æмæ Бæкко, 37 азы рæстæджы азары бахаудтой. Ахастой сæ. Сæ хæдзæрттæм нал фæзындысты. Фæстæдæр сæ сраст кодтой...**

Хæчъассæ беслæйнаг Фриаты чызг Машинкайы ракуырдта. Æвæджиауы цотгæнаг сылгоймаг ын разынд. Фараст лæппуйы æмæ иу чызг балæвар кодта Дудиатæн. Лæппутæй дыууæ æрыгонæй амардысты. Сæ хистæр Пысыма рахъомыл. Ус курын сфæнд кодта. Минæвæрттæ дæр ма арвыста. Фæлæ йæ æгъатыр низ æрцахста, нал фервæзт. Стъалытæй иу бамынæг.

Фæлæ иннæ æхсæз стъалыйы æрттывтой, ирд калдтой, тыбартыбур кодтой. Се 'хсæн ма хурау иу стъалы фæзынд — чызг. Ракæй кæмæ æнхъæлмæ кастысты, кæмæ бæллыдысты. Рæсугъд талаты 'хсæнæй дидинæг бахудти. Циндзинад æрбахаста. Лæппутæ йæ сæ уæлныхты хастой. Ном ын Фатъимæт сæвæрдтой.

Хæчъассæ æмæ Машинка сæ сывæллæттæй никæй хъулон кодтой. Æмхуызон сæ уарзтой. Хъомыл сæ кодтой. Раст фæндагыл сæ арæзтой. Рæдийын сæ нæ уагътой. Талатæ рæзыдысты. Куыд хистæр, афтæ лæгтæ кодтой. Галиу зондыл хæст нæ уыдысты. Æгъдау æмæ фæтк æмбæрстой. Хистæртæн кад кодтой.

Æнгом цуанонтæ саг марынц, æнгом бинонтæ цард арынц. Цардимæ æмдзу кодтой Дудиаты бинонтæ. Мад æмæ фыд уыдысты кусаг, цардысты сæхи фæллойæ. Æнхъæлмæ никæмæ кастысты. Дæлæ никæмæй кодтой. Сæ цотæн къæбæр амалхъом уыдысты.

Уæдмæ хистæр лæппутæ бахъомыл сты. Кусынхъом фесты. Колхозы быдырты фæллой кодтой. Цард цыди æмæ фарн йемæ хаста. Хæчъассæ уыди зæрдæрухс. Æмæ куыннæ. Лæппутæ сдынджыр сты. Чызг хъомыл кæны. Амондджын куыннæ хона йæхи. Амонд та ссаргæйæ нæу. Уый адæймагæн йæ разæй цæуы. Цары хуынкъæй никæмæ æрхауы. Фæлæ мæгуыр лæгæн йæ амонд бирæ нæ хæссы. Фыдбылыз æм кæцæй февзæрдзæн, уый нæ зоны. Цы 'рцæудзæн, уый та Хуыцауы йеддæмæ ничи зоны. Хъуыддæгтæ иууылдæр Хуыцауæй аразгæ сты, зæгъгæ, уый бынтон раст ныхас нæу.

37-æм азы хъуыддæгтæ уый нæ арæзта. Адæмы хъысмæт æндæр чидæр лыг кодта. Бирæтæн сæ цард æндæр кæмæйдæр аразгæ уыд. Æмæ уæд никæуыл ауæрстой. Аххосджын дæ, нæ дæ, ныхас дын бацыд — цæттæ у дæ хъуыддаг. Басыгъдысты æвæджиауы лæгтæ. Æнæ аххосæй, ницæй тыххæй. Цæмæн? Ахæм уыд рæстæг, заман. Фесæфт Дудиаты Хæчъассæ дæр. Иумæйаг арты басыгъд. Нал бафсæст йæ хъæбултæм кæсынæй. Нæ сын федта сæ хорздзинæдтæ. Нæ сын фехъуыста сæ лæгдзинæдтæ...

Хæчъассæ фесæфтис. Хæдзары уæз æрæнцад Машинкайы уæхсчытыл. Уæвгæ дзы фыд фидар æхсæз цæджындзы æрсагъта. Уыдон тасын нæ куымдтой. Цыфæнды уаргъæн дæр фæрæзтой. Кусынхъом дæр фесты. Мадæн æххуыс кодтой. Уаргъ сæхимæ айстой. Сæ фыды фарн размæ хæссынмæ бавнæлдтой. Мады зæрдæ сæ рухс кæнын райдыдта. Йæ цæсгомыл ногæй хуры тынтæ схъазыдысты, цины уылæнтæ фæзындысты. Ныййарæг мад йæхи ногæй амондджын схуыдта. Фæлæ йын бирæ нæ ахаста. Хъысмæт тыхджын у. Уый хатгай нæ бацауæрды...

***

1941 аз, 22 июнь...

Знон дæр ма хур йæ мидбылты куы худт. Абон хъуынтъыз мигътæ арв цæмæн æрбахгæдтой? Сау сынтытæ цæуыл хъуахъхъ кæнынц, цæмæй стыхстысты? Зæрдæ æрхæндæг цæмæн кæны? Цавæр тас дзы бацыди?

Фæсвæд Заманхъулмæ дæр фыдхабар фæхæццæ. Иу уысммæ хъæуы ахæлиу. Сонтау куыннæ фесты адæм. Цыма уæвирхъаудæр хæсты хабарæй. Кæйдæрты уырнгæ дæр нæма кодта. Фæлæ уыцы бон райгуырæн зæххыл æркалдысты туджы фыццаг æртæхтæ. Бæстæйы фыццаг хъæбатыртæ раттой сæ цард. Знаг нæ ссæндын райдыдта. Цард кæнæ мæлæт!.. Афтæ хъуыды кодтой советон адæм. Сæ дзæбугтæ, се 'хсырфытæ баивтой хæцæнгæрзтæй. Фидар сыл æрхæцыдысты. Фæцыдысты Фыдыбæстæ хъахъхъæнынмæ, фидæныл тох кæнынмæ.

Заманхъулы нæлгоймæгтæ тындзыдтой знаджы дæрæн кæнынмæ. Æваст æппæтæн ауадзæн нæ уыд. Æрвыстой сæ куыд хистæрæй. Чысыл нæ уыдысты. Семæ Дудиаты æхсæз æфсымæры, Хæчъассæйы фырттæ: Мудзыр, Мæхæмæт, Солæман, Чермен, Рамазан æмæ Аслæнбег.

## Мудзыр

**Мудзырæн йе 'цæг ном Амырхан хуынд. Фæлæ бирæ хæттыты мады ном фæтыхджындæр вæййы æмæ йыл бахæцыд. Заманхъулы йæ зыдтой æмæ абон дæр зонынц Мудзырæй. Æмæ йæ уыцы номæй хонæм.**

Йæ фыд Хæчъассæйы фæстæ Мудзыр ссис сæ бинонты нæлгоймаг хистæр. Фылдæр — бæрнондзинад, стырдæр хæстæ. Кæстæртыл хъуыд аудын. Фæлæ йын рæстæг нæ фæцис. Ахуырмæ йæ ных сарæзта. Уыцы бæдагълы аивгъуыдта. Сахуыр кодта Харьковы æфсæддон-политикон училищæйы. Райста афицеры цин.

Æцæг Мудзыр знагимæ комкоммæ нæ хæцыд. Стæй, æппæт адæмы фронтмæ акæнгæйæ, афтæмæй хæстæн рамбулæн нæ уыд. Стыр куыст кæнын хъуыд фæсчъылдымы дæр. Уыдоны размæ дæр лæууыд ахсджиаг, æнæмæнг æххæстгæнинаг фарстытæ æмæ хæстæ.

Хæцæг æфсады хъуыд æфсадын хойрагæй, уæлæдарæсæй, хæцæнгарзæй. Дзæгъæлы нæ дзырдтой, фæсчъылдым дыккаг фронт у, зæгъгæ.

Мудзыр æнцойдзинад нæ зыдта. Æдзух уыдис хъуыддаджы лæууд. Фæцыд бирæ фæндагыл. Бирæ горæтты йæ бахъуыд лыг кæнын фронтимæ баст фарстытæ. Уыимæ, политикон-хъомыладон куыст рохуаты никуы уыди. Мудзыр афтæ нымадта: æфсæддон политикон æгъдауæй цæттæ куы уа, уæд уымæн знагæй тас нæу.

Мудзыр цы бирæ хъуыддæгтæ бакодта, уыдонæй никуы æппæлыд. Фæлтау дын æндæр искæй кой ракодтаид. Хæрзиуджытæ кæй райста, уый дæр бонтæн æрæджиау базыдтой. «Немыцы чи дæрæн кодта, уыдон сты койгæнинаг, æз та кæм уыдтæн, цы уын радзурон», — афтæ-иу дзырдта Мудзыр.

Хæсты фæстæ Мудзыр алыгъд Бакумæ. Ам ракуырдта ус. Бирæ азты уарзонæй фæцардысты. Хъыгæн, цот сын нæ радта. Фæстагмæ слыгъдысты Ирыстонмæ. Мудзыр амард цалдæр азы размæ. Баныгæдтой йæ Заманхъулы уæлмæрды.

## Мæхæмæт

**Мудзыры кæстæр Мæхæмæты æз нæ зыдтон. Нæ йæ хъуыды кæнынц йæ фырттæ Солтанбег æмæ Январбег дæр. Уыдон, ме 'мгæрттæ, уæд ма чысылтæ уыдысты.**

Мудзыр ахуыр кæнынмæ куы ацыд, уæд нæлгоймаг хистæры бынат Мæхæмæтмæ æрхаудта. Хæрзарфыгонæй базыдта тракторыл кусын. Сæрд уыдис быдыры, зымæг та — МТС-ы. Бинонты хъуыддаг бакодта. Ракурдта Милдзыхты Фузæйы. Дыууæ лæппуйы сын райгуырд. Йæ байзæддаг лæппу уа, уый та кæй нæ фæнды. Мæхæмæтмæ фидæнмæ хорз фæндтæ, хъуыдытæ уыди. Бæргæ, уыдон зæрдæйы фæндиаг куы цæуиккой.

1941 азы райдайæны Мæхæмæтмæ фæсидтысты æфсадмæ ногæй цæттæ кæнынмæ. Хъуамæ ацыдаид 6 къуырийы æмгъуыдмæ. Йæ мад Машинка йын æрфысмæт æртæ чъирийы акодта. Сыхы лæгтæм фæсдзырдтой. Скуывтой æртæ чъирийы. Мæхæмæты Уастырджийы Дурджын бæрзонды æвдæдтой бакодтой.

Мæхæмæт лæгтæй æфсæрмы кодта. Фæлæ уæддæр авдæны цурты рахызт, йæ цæстытæ кæстæр сывæллоны ацавта, йæ бинойнаджы цæсгоммæ бакаст æмæ дуары æдде фæци. Мады цæссыгтæ рустыл æрызгъордтой. Зæрдæ йæхи куытыл бахоста. Цæстытæ атар сты, фæлæ йæхиуыл фæхæцыд.

Бамбæрста мады зæрдæ, хъæбулы фæстаг хатт кæй уыны. Æвæдза, куыд диссаг у, куыд æнкъараг у мады зæрдæ. Йæ зæрдæйы бын кæй фæхæссы, уымæн йæ хъысмæт куыд базоны.

Ацыд Мæхæмæт æфсадмæ. 22 июны та райдыдта тугкалæн хæст. Абон зын зæгъæн у, Мæхæмæт кæмыты хæцыд, уый. Нал сбæрæг уыдзысты, цы фæндæгтыл фæцыд, цы бавзæрста, цы федта.

1941-1942 азтæ тынг уæззау уыдысты Райгуырæн бæстæйæн. Знаг бырста размæ. Советон æфсад горæт горæты, хъæу хъæуы фæстæ лæвæрдта. Æндæр гæнæн дæр нæ уыд. Уæд уый тыхджындæр уыд. Ахæм æмтъеры заман хæстонты не 'вдæлд хæдзармæ фыстæг ныффыссынмæ дæр. Йæ хабæрттæ ракæнын, бинонты афæрсын. Туг калдис бирæ рæтты. Знагæн æнцонæй йæ къухы ницы æфтыд. Алы квадратон метрыл дæр цыдис карз тох, лæвæрдтой сæ цард.




Тынг уæззау рæстæг скодта. Фæлæ уæддæр советон адæмæн сæ ныфс нæ асаст. Уыцы ныфс сæ тардта тохы цæхæрмæ. Уыцы ныфсимæ истой сæ къухтæм хæцæнгарз æнæрихи лæппутæ. Уыцы ныфсы руаджы нæм æрцыди Уæлахизы бон дæр. Ныфс кæм ис, тох кæм цæуы, уым мæлæтæн æнæуæвгæ нæй.

Мæхæмæт зноны æфсæддон нæ уыд. Хæсты размæ æфсады баслужбæ кодта. Сержанты цин ын саккаг кодтой. Хæцæнгарзимæ архайын зыдта. Кæцырдæм æй аразын хъæуы, уый йын амонын нæ хъуыд. Афтæмæй знагимæ хæцыд.

Хæсты райдайæнæй дзы иуцасдæр хабар нæ уыди. Стæй æртæкъуымон фыстæг йæ хæдзармæ сæрвыста. Йæ бинойнаг Фузæмæ фыста:

«Тыхсгæ ма кæн, хæст куыд райдыдта, афтæ фæуыдзæн. Знаг æнæмæнг дæрæнгонд æрцæудзæн. Сулæфынмæ дæр нæ не 'вдæлы. Дыууæ сабийы дæ бар кæнын, схъомыл сæ кæн цыфæнды зынæй дæр». Цæмæн загъта Мæхæмæт фæстаг ныхæстæ? Йæ зæрдæ исты æнкъардта? Æвæццæгæн. Фæлæ бинонтæ уымæй уæлдай нал райстой фыстæг.

Иу фыстæг дзы райста Рамазан дæр. Уымæ та фыста: «Фæдфæдыл цалдæр хатты карз тохы бацыдыстæм — дзæбæхæй дзы раирвæзтæн. Ныр дæр та ногæй цæуæм мæлæтмæ æмæ нын кæд не Сфæлдисæг Хуыцау баххуыс кæнид...»

Уыйадыл абон дæр ничи зоны, Мæхæмæт кæм фæмард, уый. Æфсæддон комиссарады документтæм гæсгæ уый æрцыд 1941 азы декабры Тулæйы бынмæ. Æцæг ма бæрæг у уый, æмæ Мæхæмæт знагмæ йæ чъылдым никуы раздæхта. Лæгæй-лæгмæ тох кодта йемæ, хъæбатырæй хæцыд сæрибардзинад æмæ фидæны цардыл. Йæ хъысмæт та йын йæ мад Машинка банкъардта, æфсадмæ куы цыд, уæд.

## Солæман

**Дудиатæ Заманхъулы нæ бакомкоммæ цардысты. Мæхæмæтæй фæстæмæ иннæ æфсымæрты зонын. Хорз ма хъуыды кæнын, Солæманы цæфтæй сæ хæдзармæ куыд æрбаластой, уый. Уыдтон, цы хъизæмæрттæ æвзæрста, æмæ йæ цæфтæ куыд зынтæй дзæбæх кодтой, уыдон.**

Дыууæ азæй фылдæр йæ къæхтыл не слæууыд. Хорз æм фæкастысты сыхæгтæ дæр. Æдзух йæ уæлхъус бадтысты. Цæмæдæр гæсгæ Солæман уарзта мæ мады къухæй конд хæринаг. Æдзух уый агуырдта. Мæ мад æнæзивæгæй æххæст кодта уый фæндон. Иу бинонты хуызæн цардыстæм. Æмæ ма уæдæ хуыздæр кæмæн ракодтаид.

Солæманмæ æфсадмæ фæсидтысты хæсты размæ. Хæст дæр æй уым æрæййæфта. Знагимæ фыццагдæр æфсады службæгæнджытæ фембæлдысты. Фыццаг цæфтæ уыдоныл æрцыдысты. Æппæтæй зындæр уыдонæн уыди. Фылдæр бæллæхтæ уыдоныл æрцыди. Знаджы знæт æмæ марг уыдон бавзæрстой. Уæд сæм сæвзæрыд егъау æнæуынондзинад фашизммæ дæр. Уæд банкъардтой, Райгуырæн бæстæ куыд зынаргъ у, уый дæр.

Хæсты райдайæнæй дыууæ азы дæргъы Солæманæй ницы хабар уыдис. Стæй бинонтæ райстой иу фыстæг. Йæхи къухæй фыст дæр нæ уыд. Хъусын кодтой, Солæман уæззау цæфтæй госпиталы кæй хуыссы. Уый фæстæ Заманхъулмæ ссыд, йемæ чи хæцыд, ахæм лæг. Уый хабæрттæ ракодта.

Солæман уыдис сгарджыты къорды командир. Сæ хæс уыди «æвзаг» амал кæнын. Къухы-иу куы нæ бафтыд, уæд Солæман мæсты кодта. Уый та куыд, æмæ нæ бон ницы баци. Бирæ хæттыты уыдысты знаджы фæсчъылдымы, хæсты раззагдæр рæнхъыты. Цы «æвзæгтæ» кодтой, уыдоны фæрцы æфсады командиртæ зыдтой уавæр æмæ архайдтой уыдонмæ гæсгæ.

Солæман, махæн, чысыл лæппутæн, куы йын-иу фенцондæр, уæд кодта йæ хæстон хабæрттæ. Фæлæ мæ зæрдыл кæм лæууынц. Чи æнхъæл уыди, æмæ мæ искуы бахъæудзысты.

Солæман Харьковы госпиталы бирæ фæхуыссыд. Хорз æм зылдысты. Фæлæ уæззау цæфтæ дзæбæх кодтой тынг æрæгмæ. Уæд æй дохтыртæ сæхæдæг сластой Заманхъулмæ. Къухтæ змæлын кодта, фæлæ къæхтыл лæууын йæ бон нæ уыд. Афтæмæй йæ федтон æз дæр.

Рацыд цалдæр азы. Лæг иучысыл банывылдæр. Бафæндыд æй бинонтæ скæнын. Фæрниаты чызг Зинæ йын бакуымдта. Райгуырд сын чызг Заремæ. Фæлæ, мæгуырæг, бирæ нæ ацард. Фæзынд лæппу — фыды ныфс æмæ уидаг Барис. Абон дæр цардæгас. Йæ фыды хуызæн — бакастæй, йæ миниуджытæй.

Хъыгагæн, Солæман бирæ нал ахаста. Йæ уд нал бафæрæзта хæсты уæззау цæфтæн. Йæ иунæг хъæбулы Зинæйæн бафæдзæхста. Зинæ мой нал скодта. Йæ хъæбулы схаста æмæ абон фæрнæй цæрынц. Зинæйæн мæ зæрдæ зæгъы æнæниздзинад æмæ бирæ цæрæнбонтæ. Бирæ хорздзинæдтæ дзы зонын. Уыдонæн рохгæнæн нæй.

## Чермен

**1995 азы 9 Майы уæрæсейаг адæмтæ бæрæг кодтой Стыр Уæлахизы 50 азы бон. Раст уыцы тæккæ бон та Заманхъулы Дудиаты Чермены кæрты уыдис галæргæвст. Бирæ уазджытæ, хæстæджытæ, къабæзтæ, цоты цот æрæмбырд уыцы бон ардæм. Æмæ куыннæ. Иуæй Уæлахизы бон. Иннæмæй — Черменыл сæххæст 75 азы.**

Фынджы бадты хистæр афтæ загъта:

— Абон æртæ чъирийы кувæм Уæлахиз æмæ Чермены бæрæгбæтты тыххæй. Чермен уыдис хæсты быдыры. Хи цæстытæй федта, куыд егъау зиантæ хæссы, уый. Гъемæ, дуне сабыр уæд. Топпыхосы тæф дæ кæстæрты кæстæртæ дæр макуы сулæфæнт.

Черменмæ Сырх Æфсадмæ службæмæ фæсидтысты 1941 азы 25 майы. Бахауд арæзтадон батальонмæ. Украинæйы паддзахадон арæнмæ хæстæг арæзтой аэродром, йæ фæзуат 500 гектары кæмæн уыд, уыцы зæхх слæгъз кодтой. Стæй йæм бæхтæй ластой змис, лæгтæй дæр афтæ. Хъæууон лæппуйæн æнцон нæ уыд. Куыстæй нæ тарст. Фæлæ уырыссагау нæ зыдта, æмæ уый зындæр хъуыддаг уыд.

Иу бон бæстæ мигътæй æрбаталынг, хур ахгæдтой. Кæцæйдæр сæм гæрæхтæ хъуысын байдыдта. Уый, дам, къæдзæхтæ халынц. Сайдтой сæ. Иу изæр сæ сæрмæ фæзындысты дынджыр хæдтæхджытæ æмæ бомбæтæ згъалын райдыдтой. Бæстæ схылы-мылы, адæм кæрæдзийы дæр нал уыдтой. Бирæ сæ фæмард, знаджы цæстæй нæма федтой, афтæмæй.

Батальон сыстад æмæ скæсæны 'рдæм фæраст. 18 суткæйы фæцыдысты. Бафæлладысты. Сæ къæхтыл ма лæгдыхæй лæууыдысты. Афтæмæй Кременчугмæ æрбахæццæ сты. Ам сæ ныддихтæ кодтой. Чермен бахауд артиллерион батареймæ. Уыд гилдзытæ дæттæг. Æндæр уый размæ топпæй дæр рæстмæ куы никуы фехста. Фадат ын нæ фæцис.

Иу ран, фашисттимæ карз тохы куы бацыдысты, уæд Чермен фæцæф. Нæмыг галиу къухы армы ахызт æмæ ма æнгуылдз дæр тынг бахъыгдардта. Ныртæккæ дæр къух сахъат у. Фыццаг æй æрбаластой Ворошиловградмæ, уырдыгæй та йæ йæхи дзæбæх кæнынмæ сæрвыстой Ессентукимæ. Госпиталы фæхуыссыд иу мæй æмæ ссæдз боны.

Чермены уæгъд кодтой хæстон службæйæ. Фæлæ раздæр нæ бакуымдта. Арвыстой сæ уæд Кубанмæ. Немыц ам нæма уыдысты. Алыхуызон куыстытыл сæ æфтыдтой. Черменимæ уыд йæхи хуызæн цæф хæстонтæ. Бынтон чи не сдзæбæх, сæ буарыл хъæнтæ кæмæн баззад, ахæм хæстонтæ. Иу бон сын загътой: уæгъд уæ кæнæм æмæ алчидæр, кæм цæры, уым æфсæддон комиссарады бæрны уыдзæн. Фæстагмæ ма сын бахæс кодтой 200 стуры иу ранмæ атæрын. Фæлæ бынатмæ нæ бахæццæ сты. Нæхи æфсæддон хæйттæ сæ сæхирдæм фæкодтой. Хæрын сæ нæ хъуыди?

Схæццæ Чермен йæ райгуырæн къонамæ. Йæ мад Машинка цин кодта: «Сахъат диссаг нæу, æгайтма дæ уд æгас у». Æфсæддон комиссарады дохтыртæ йын загътой, де 'нгуылдз лыггæнинаг у, нал скусдзæн, зæгъгæ. Ууыл не сразы Чермен. Цыфæнды æвзæрæй дæр мæхи нæу? Абон дæр йæ уæлæ ис, кæд ын уыйбæрц пайда ницы лæвæрдта, уæддæр.

Чермен æнцад нæ бадт. Куыста колхозы. Фæтухæн дзы кодта, цалынмæ йæ бон уыди, уæдмæ. Ракуырдта Кокайты чызг Фаризæты. Цыппар лæппуйы æмæ сын иу чызг райгуырд. Лæппутæй Батрадз фыдбылызы бахауд æмæ фæмард. Иннæтæ сты цардæгас. Ис сын бинонтæ, цот.

Фарон кæстæр фырт Æхсарæн лæппу райгуырди. Номæй арæхдæр цы ис, фæлæ йыл сæвæрдтой йæ хæстон дадайы ном — Чермен. Хистæры хуызæн зындзинæдтæ ма фенæд. Хъæлдзæгæй, амондджынæй байрæзæд.

Черменæн нæ зæрдæ зæгъы, цæмæй 2020 азы 9 майы йæ райгуырды 100 азы бон куыд сбæрæг кæна, афтæ.

## Рамазан

**Дудиаты æхсæз æфсымæрæй Рамазанæй фылдæр хæстон фæндæгтыл ничи фæцыди. Абон дæр ма афтæ фæзæгъы: «Адæймагæн йæ хъысмæт йæ ныхыл фыст ис. Хуыцау æмæ мын Уастырджи баххуыс кодтой, æмæ æгасæй аирвæзтæн». Бирæ зындзинæдтæ федта Рамазан, уыд æвдисæн стыр тугкæлдтытæн.**

Рамазан бирæ уарзта хæстон адæймæгтæм кæсын. 1939 азы Хъæстуаты Бекызæ æмæ Зæнджиаты Рамазан Заманхъулмæ сыздæхтысты Сырх Æфсадæй. Куы сæ федта æфсæддон дарæсы, уæд Рамазан сфæнд кодта хæстон суæвын. Фæцыд æфсæддон комиссарадмæ, фæлæ йæ кой кæнын нæ бауагътой. «Дæ азтæ нæма амонынц», — загътой йын цыбырæй.

Афæдзы бæрц фæцыд уырдæм. Рамазаны удыконд ахæм уыд æмæ иугæр ныхас загъта, уæд йæ сæрты ахизын нæ фæрæзта. Сæ фыд Хæчъассæ 1937 азы ахст кæй æрцыд, уымæ гæсгæ фырттæм кастысты æнæууæнкæй æмæ сæ кодтой уырзæй æвзарæгау. Фæстагмæ Рамазанæн йæ фæнд йæ къухы бафтыд æмæ йæ хæсты размæ æфсадмæ акодтой.

1941 азы 22 июны райсомæй бæстæ гæрах куы ссис, уæд, дам, уыдон ахуыртæ сты, зæгъгæ, сын дзырдтой, фæлæ æцæгдзинад уайтагъддæр рабæрæг. Бахъуыдис хæцын. Уый уыдис Брест-Литовскы. Ам бамбæрста фыццаг хатт Рамазан, æцæг хæст цы у, уый. Ам федта мæлæт, тугкалд.

Рамазан мæлæтæй нæ тарст. «Æгады бæсты мæлæт — хуыздæр», — загъта фидарæй, æмæ æдзух йæ дзыппы хицæнæй æвæрд уыдис иу гилдз. Цы нæ вæййы, уæд та уацары бахаудтæн. Мæхи дзы амардзынæн.

Сæ бон цы уыди, уымæй сырхæфсæддонтæ знагæн ныхкъуырд лæвæрдтой. Фæлæ хъарутæ æмхуызон нæ уыдысты, æмæ немыцæн лæвæрдтой горæттæ æмæ хъæутæ. Фашисттæ дæр æнæвгъау зæхх ссæстой, адæмы мардтой. Сæхи хуыдтой фæуæлахизуæвджытæ.

Рамазан кæм службæ кодта, уый хæсты размæ уыдис 30-æм дивизи. Хæцгæ-хæцын стыр сгуыхтдзинæдтæ кæй равдыста, уый тыххæй йын раттой æртæ хатты Сырхтырысаджын æхсæг дивизийы ном. Бирæтæ дзы æгас нал уыдысты, фæлæ Рамазанæн йæ хъуыддаг цыди. Фыццаг хæрзиуæг райста 1941 азы 26 сентябры, командиры бардзырд æнтыстджынæй кæй сæххæст кодта, уый тыххæй. Уый уыди майдан «За отвагу».

Рамазаны ныфс никуы асаст, кæд райдайæнты састы бынаты зад, уæддæр. «Лæг йæхицæн ныфс куы сæвæра, уæд уымæй домбайдæр ничи вæййы», — афтæ фæдзуры уый абон дæр. Ныфс æй уыдис, знаг цыфæндыйæ дæр пырхгонд кæй æрцæудзæн. Уый цы у? Æнæуынондзинад знагмæ æмæ уарзондзинад Фыдыбæстæмæ.

Фæцыд хæстон фæндæгтыл Рамазан. Удæгасæй сæхимæ сыздæхт. Уый амонд у æви хъысмæт? Дыууæтæ дæр. Рамазанæн йе 'нæуынон уыдысты, йæхи цыфæндыйæ дæр чи сайдта, алы æфсæнттæ чи кодта хæсты цæхæрæй раирвæзынæн, уыдон. Никуы йæм æрцыд ахæм хъуыды. Не суагъта йæ къухæй хæцæнгарз. Хæрзиуджытæ иста. Уæлдай тынгдæр фесгуыхт 1944 азы. 13 августы райста орден «Сырх Стъалы», 10 боны фæстæ та — майдан «За боевые заслуги».

Рамазан хæсты быдыры цы къахдзæфтæ акодта, уыдон абон дæр нæ рох кæны. Гæнæн ис, æмæ йын йæ алы хъуыддаджы тыххæй дæр бæстондæр радзурон. Фæлæ уый сæйрагдæр нæу. Цы 14 паддзахадон хæрзиуæджы йын саккаг кодтой, цы Кады грамотæтæ æмæ комкоммæ Сталины арфæтæ райста, уыдон ирдæй æвдисынц Рамазанæн йæ лæгдзинад, æхсар æмæ ныфс. Йæ фæстаг майдан уыдис «За взятие Берлина».

Уæлахизæй сыздæхт Рамазан Заманхъулмæ. Мах чысылтæ уыдыстæм æмæ цымыдисæй кастыстæм, йæ риуæй уыцы хæрзиуджытæ куыд æрттывтой, уымæ. Хæлæг æм кодтам. Нæхи мидæг-иу «хæст» ацарæзтам. Лæдзджытæ-иу райстам, нæ уæхсчытыл-иу сæ сæвæрдтам, æмæ цыдыстæм афтæ заргæ: «Бой за Родину. Бой за Сталина!»

Рамазан ма æрвыст æрцыд Японы хæстмæ дæр, фæлæ æрдæгвæндагæй раздæхтысты, — уæдмæ милитаристтæ дæрæнгонд æрцыдысты.

Рамазан ралыгъд Дзæуджыхъæумæ. Азæмæтаты мыггагимæ бахæстæг кодта. Бирæ фæкуыста химзаводы æмæ æндæр куыстуæтты. Йæхи равдыста, æцæг хæстонæн куыд æмбæлы, афтæ, фæллой уыди йæ царды ахсджиаг фæрæз. Никуы дзы батыхсти.

Рамазан афтæ зæгъы: "Хуыцау бахизæд, фæлæ исты 'рцыд, зæгъгæ, уæд нал ис гæнæн — æнæмæнг хæцæнгарз мæ къухтæм райсин".

Ахæм ныфс ис абон дæр хæсты æмæ фæллойы ветеран Дудиаты Рамазанмæ.

## Аслæнбег

**Æхсæз лæппуйы мад Машинка æхсæв нæ фынæй кодта. Арвыл стъалытæ нымадта, уæдæ мæ хъæбултæй чи кæцы стъалыйы бынмæ ис, зæгъгæ. Арæх цæстысыгтæ рустыл згъордтой. Зæрдæ-иу æй æрбалхъывта.**

Хæдзар æрæнцад кæстæр æфсымæр Аслæнбегыл. Фæлæ уый æнцойдзинад йæхицæн нæ ардта, уый та куыд, ме 'фсымæртæ хæцгæ кæнынц, æз та ам бадон, сæрмæ хæссинаг нæу.

Мад хабар куы бамбæрста, уæд ын ныллæгъстæ кодта:

— Ма ацу, хæдзар цы фæуыдзæн, мах цытæ кæндзыстæм?

— Бахатыр кæн, мæ мад, мæнæн ам бадын худинаг у. Дæ сæрты хизын, æндæр гæнæн нæй.

Мад йæ уæрджытыл æрхаудта. Йæ зæрдæ æнахуыр рыст скодта. Уыйадыл фæрынчын. Нал бафæрæзта ныййарæджы зæрдæ. Нал банхъæлмæ каст йæ хъæбултæм. Никæйуал дзы федта, æрмæст куырдта: "Мæ ингæны мын рудзынггонд ныууадзут. Мыййаг, лæппутæй исчи куы ссæуа, уæд æй уырдыгæй куыд фенон".

Аслæнбег куы ацыд фронтмæ, уымæй æртæ мæйы фæстæ Машинка йæ уд систа.

Хæдзары баззад Мæхæмæты бинойнаг Фузæ йæ дыууæ æнахъом сабиимæ æмæ æфсымæрты кæстæр хо Фатъимæт. Уый уыдис 1943 азы.

Аслæнбег бархийæ ацыд хæсты быдырмæ. Æмбæрста йæ, мæлæтдзаг хæстмæ кæй цæуы, уый. Фæлæ хъуамæ уыдаид йе 'фсымæртимæ. Хъуамæ тох кодтаид Фыдыбæстæ ссæрибар кæнынæл. Æвзонг, æнæхсыст лæппуйæн бирæ нæ бантыст, бирæ нæ фæхæцыд. Фæцис уæззау цæфтæ æмæ контузийæ ссыд сæ хæдзармæ. Куыдфæстæмæ сдзæбæх ис. Тынг хъынцъым кодта: "Мæ мад мæн тыххæй амард", — æмæ уый йæ зæрдæйы фæхаста.

Танкист Аслæнбег та ногæй фронтмæ ацыд. Уæлахизы хуры тынтæ уæдмæ æрттывтой тынгæй-тынгдæр. Бирæ хæцын æй нал бахъуыд. Хæст ахицæн. Уæлахиз уыди йæ къухты. Æппæт советон адæм рæуджыты дзаг сулæфыдысты.

Аслæнбег цæрынмæ ацыд сæ хистæр Мудзыры цурмæ Бакумæ. Цæрæнбонты фæкуыста поезды машинистæй. Фæстагмæ слыгъд Ирыстонмæ. Цалдæр азы размæ ныгæд æрцыд Заманхъулы уæлмæрды Мудзыры фарсмæ.

Базонгæ уæ кодтон Дудиаты æхсæз æфсымæримæ. Гæнæн уыдис сæ хæстон фæндæгтыл сын бæстондæр æрдзурын. Ахæм хæс мæ размæ не 'вæрдтон. Чи куыд æмæ кæм хæцыд, уыцы хабæрттæ бирæ бынат æрцахстаиккой. Уый ахсджиагдæр нæу. Сæйрагдæр у, иу мад æмæ фыдæй гуырд æхсæз æфсымæры сыгъдæгзæрдæ кæй разындысты, Фыдыбæстæмæ стыр уарзондзинад кæй равдыстой, уый.

Чи сæ нал ис, уыдоны нæмттæ рох никуы уыдзысты. Цардæгас чи у, уыдон æнæниз уæнт, сæ кæстæрты хорздзинæдтæй æфсæст уæнт.

**БАДРИАТЫ Никъала**

***(Архивæй ист æрмæг)***

Спортивон фидиуæг



Хъæбысхæст

# Нæ богæлттæм – аст хæрзиуæджы

**Албанийы сæйраг горæт Тиранæйы спортивон хъæбысхæсты æртæ хуызæй ивгъуыд къуыри сбæрæг сты Европæйы тыхджындæр богæлттæ. Чемпионаты Уæрæсе æмæ æндæр бæстæты номæй хæцæг ирон богæлттæн бантыст æртæ сыгъзæрин æмæ фондз æвзист майданы рамбулын.**

Грекъаг-ромаг хъæбысхæстæй чемпионаты архайдта æрмæстдæр иу ирон богал. Тренер Цæмæхъаты Нарты хъомылгæнинаг Тыбылты Георги чемпионаты архайдта Сербийы номæй, æмæ йын бантыст 60 кг онг уæзы йе 'ппæт ныхмæлæуджытыл фæуæлахиз уæвын. Амæй размæ азты ма Георги Европæйы чемпионатты бацахста 3-аг æмæ 2-аг бынæттæ æмæ ныр ссис чемпион дæр!

Сылгоймæгты чемпионаты Уæрæсейы спортивон кад чи хъахъхъæдта, уыдоны 'хсæн уыдысты – Танделаты Аминæ æмæ Кæсæбиты Алинæ. Сæ дыууæ дæр равдыстой хорз цæттæдзинад æмæ фæуæлахиз сты, кæронбæттæны размæ сын цы цалдæргай ныхмæлæуджытæ уыди, уыдоныл.



1-аг бынат рамбулыныл 62 кг онг уæзы Танделаты Аминæ фембæлд Европæйы 4 хатты чемпион, норвегиаг чызг-богал Грейси Булленимæ. Сæ ныхмæлæуды Аминæ æмбылдта 9:0 хыгъдæй, фæлæ æнæнхъæлæджы, фембæлды кæронмæ 'ввахс рæдыд æруагъта æмæ йæ йæ ныхмæлæууæг йе уæнтыл авæрдта. Афтæмæй Аминæ рацыд 2-аг бынатмæ. Афтæ рауад Кæсæбиты Аминæйы турнирон хъысмæт дæр. Уый 65 кг онг уæзы кæронбæттæны очкотæм гæсгæ фæхæрд Европæйы 3 хатты чемпион, Украинæйы минæвар Ирина Коляденкойæн æмæ бацахста 2-аг бынат.

Уæгъдибар хъæбысхæстæй раппæлыны аккаг сты нæ сæрæн богæлттæ Байаты Давид, Салхъазанты Таймураз, Дзасохты Арсени, Цæкулаты Батырбег, Байцаты Владислав.

Байаты Давид, Уæрæсейы командæйы уæвгæйæ, 70 кг онг уæзы иттæг сæрæн хæст ракодта йæ фондз ныхмæлæууæгимæ æмæ ссис Европæйы чемпион.

Афтæ сæрæнæй йæхи равдыста Салхъазанты Таймураз дæр. 74 кг онг уæзы Словакийы спортивон кад хъахъхъæнгæйæ, Таймураз æнæкъуыхцыйæ фæуæлахиз фондз ныхмæлæууæгыл æмæ рамбылдта Европæйы чемпионы ном.

Сыгъзæрин майдан рамбулынмæ хæстæг бацыд Словакийы номæй хæцæг Цæкулаты Батырбег дæр. Уый 97 кг онг уæзы фæуæлахиз цыппар ныхмæлæууæгыл æмæ кæронбæттæны фембæлд Уæрæсейы командæйы уæнг Олимпиаг хъæзтыты 2 хатты уæлахиздзау Абдулрашид Садулаевимæ. Сæ фембæлды фæуæлахиз, йæ фæсномыг «Уæрæсейаг танк» кæмæн у, уыцы таурæгъон богал Абдулрашид Садулаев. Афтæмæй Цæкулаты Батырбег бацахста 2-аг бынат.

Ноджыдæр ма дыууæ æвзист майданæй хорзæхджын систы Азербайджаны номæй хæцæг – Джиоты Арсени (86 кг онг уæзы) æмæ Байцаты Владислав (125 кг онг уæзы).

Европæйы чемпионтæ систы: 57 кг – Ислам Базарганов (Азербайджан), 61 кг – Заур Угуев (Уæрæсе), 65 кг – Башир Магомедов (Уæрæсе), 70 кг – Байаты Давид (Уæрæсе), 74 кг – Салхъазанты Таймураз (Словаки), 79 кг – Ахмед Усманов (Уæрæсе), 86 кг – Ибрагим Кадиев (Уæрæсе), 92 кг – Али Цокаев (Азербайджан), 97 кг – Абдулрашид Садулаев (Уæрæсе), 125 кг – Гиоргий Метвидишвили (Азербайджан).

Футбол

# Æртыккаг хъазт – æнæ уæлахизæй




**Ивгъуыд сабаты, 25 апрелы Уæрæсейы 2-аг къорды футболон чемпионаты дивизион «Æвзист»-ы хъазæг командæтæ акодтой ацы азы дæсæм фембæлдтытæ. Дзæуджыхъæуы ФК «Алани» уыцы бон, Грознайы Султан Билимхановы номыл стадионы фембæлд, чемпионаты 9-æм бынаты чи ис, уыцы командæ «Кубань»-имæ.**

ФК «Алани»-йы иузæрдион фарсхæцджытæ гуырысхо нæ кодтой, сæ уарзон командæ кæй фæуæлахиз уыдзæн, ууыл, фæлæ фембæлд рауад, æнхъæл куыд нæ уыдысты, афтæ æнкъард.

«Алани»-йы рæнхъыты уыцы бон уыдысты: №89 – Данил Шашлов, №14 – Анзор Амиралиев, №5 – Богъаты Алан, №3 – Артур Кусков, №58 – Ишык Мурат (65' – Булацаты Тимур), №37 – Гаглойты Тарас (78' – Чертхъоты Дато), №9 – Артем Закиров (78' – Кæркуысты Георги), №75 – Огъуаты Сæрмæт (46' – Кокойты Давид), №8 – Хуыгаты Алан, 99 – Махач Абдулхамидов, №7 – Исмаил Дибиров (65' – Тепсыхъоты Давид).

«Алани»-йы архайд фыццаг таймы рауад мæгуырау. Цæмæдæр гæсгæ, сæ хъазтæн нæ фаг кодта кæрæдзиимæ æнгомдæр

| Командæтæ | Хъ | Р | Æ | Х | П | О |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. Алани** | **10** | **6** | **2** | **2** | **15-8** | **20** |
| 2. Амкар-Пермь | 10 | 5 | 3 | 2 | 22-14 | 18 |
| 3. Динамо-Брянск | 10 | 5 | 2 | 3 | 9-12 | 17 |
| 4. Динамо-2 М | 10 | 4 | 3 | 3 | 17-18 | 15 |
| 5. Динамо Кр. | 10 | 3 | 6 | 1 | 14-10 | 15 |
| 6. Динамо-Владивосток | 10 | 3 | 5 | 2 | 13-10 | 14 |
| 7. Тюмень | 10 | 3 | 3 | 4 | 12-11 | 12 |
| 8. Зенит-2 | 10 | 2 | 3 | 5 | 16-20 | 9 |
| 9. Кубань | 10 | 2 | 3 | 5 | 9-14 | - |
| 10. Динамо Ставрополь | 10 | 1 | 2 | 7 | 8-18 | 5 |

æмæ цырддæр уæвын. Краснодайраг футболисттæ ныфсджынæй арæзтой æвиппайды ныббырстытæ, æмæ сын уый 37 минутыл æрхаста 1-аг гол. Пурти «Алани»-йы дуаргæс Данил Шашловы фæрсты бакъуырдта Глеб Бахарев, æмæ уазджытæ размæ рацыдысты 0:1-æй.

Хъазты дыккаг æмбисы алайнæгтæ архайдтой хыгъд аивыныл, фæлæ сын уый нал бантыст. Уый нæ, фæлæ ма 90 минутыл уазджытæ цы ныббырст ацарæзтой, уым алайнæгтæ фæрæдыдысты, æмæ сæ тæрхонгæнæг фæивар кодта 11-метрон цæфæй. Уымæй хорз спайда кодта «Кубань»-ы размæбырсæг Михаил Агеев, æмæ хыгъд ссис 0:2 уазджыты пайдайæн.

«Алани»-йы хъазт афтæ лæмæгъ цæмæн рауад, уый тыххæй нæ командæйы сæйраг тренер Дмитрий Фомин хъазты фæстæ пресс-конференцийы загъта: «Нæ сæйраг хъазджытæй фондз цæфтæ æмæ рынчынтæ кæй сты, уый аххосæй сын фæзмæ рацæуæн нæ уыд, æмæ уый фæзынд нæ бацæуæнтæ сфидар кæныныл. Кæй зæгъын æй хъæуы, уымæй нæхи нæ раст кæнæм. Ныр нæ бахъæудзæн нæ рæдыдтытыл лæмбынæгæй бакусын æмæ ахæм лæмæгъдзинæдтæ мауал æруадзыныл».

«Алани» фæд-фæдыл дыууæ хатты кæд фæхæрд, уæддæр уал баззад 1-аг бынаты, æмæ ныр тынгдæр бацархайын хъæуы дарддæр сæ архайд мидисджын æмæ хуызджындæр кæныныл.

«Алани»-йы 11-æм фембæлд уыдзæн 2 майы уазæгуаты «Зенит-2»-имæ.

10-æм туры фембæлдтытæ ахицæн сты ахæм хыгъдтимæ: «Амкар» – «Динамо-2» – 4:0, «Динамо» (Брянск) – «Зенит-2» – 2:0, «Динамо» (Владивосток) – «Тюмень» – 1:0, «Динамо» (Киров) – «Динамо» (Ставрополь) – 1:0; «Алани» – «Кубань» – 0:2.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Аивад

# Иумæйаг концерт равдыстой

**Уæрæсейы Культурæйы министрад кæй аразы, бæстæйы адæмты национ музыкæйы уыцы фестиваль «Нацийы хæзна»-йы фæткмæ гæсгæ Цæгат Ирыстоны Гæздæнты Булаты номыл адæмон инструментты национ паддзахадон оркестр æмæ Алагиры сывæллæтты аивæдты скъола Алагиры районы Культурæйы галуаны равдыстой иумæйаг концерт.**

Концерт фенынмæ æрбацæуæг аивадуарзджытæ мидисджын музыкалон бæрæгбонæй разыйæ баззадысты.

– Зындгонд композитор **Махъоты Ацæмæз** разамынд кæмæн дæтты, фарон не 'взонг пианисттæ Цæгат Ирыстоны паддзахадон филармонийы ахæм симфонион оркестримæ иумæйаг концерты æнтыстджынæй кæй архайдтой, уый нымайгæйæ, ацы хатт Гæздæнты Булаты номыл паддзахадон оркестримæ иумæ концерт равдисыны фæнд скодтам. Ацы оркестры разамонæг **Куымæриттаты Тенгиз** æмгуыстады тыххæй нæ фæндоныл кæй сразы, уый нын æхсызгон у. Адæмон инструментты оркестры уæнгтимæ иумæ репетицитæ чи кодта, не скъолайы уыцы ахуырдзаутæм бирæ ног зонындзинæдтæ фæзынд, фæсивæд концертон архайды лыстæг фæзилæнтæ рахатыдысты, – зæгъы амынд ахуыргæнæндоны директор **Икъаты Элизæ**.





Концерт фенынмæ æрбацæуæг адæм æвзонг фæндырдзæгъдджытæ **Реуазты Агуындæ, Бутаты Аминæ, Ногъайты Георги, Чихтисты Кристинæ** æмæ иннæты æвзыгъд архайдæй райгонд уыдысты. **Хъайтыхъты Зæлинæ** кæй амыдта, Алагиры сывæллæтты аивæдты скъола кастфæуæвæг лæппутæ æмæ чызджытæ радыгай галуаны сценæмæ уыцы концерты архайынмæ цыдысты. Цæгат Ирыстоны педагогон колледжы студенткæ, ахуыргæнæндоны зарæггæнджыты къорд «Æлутон»-ы уæнг **Уазиты Дзерассæ** зæрдæмæхъаргæ уагæй акодта зарæг «Зæли».

Фæндырдзæгъдджыты фыццаг телевизион конкурс «Фæндырмæ»-йы уæлахиздзау, нæ республикæйы медицинон академийы студент **Бицъоты Георги** йæ дæсны фæндырдзагъдæй йе 'мкурсонтæ æмæ ахуыргæнджыты зæрдætæ арæх барухс кæны. Ацы хатт, концерты архайгæйæ, Георги ацагъта адæмон мелоди «Чындзхаст».

Республикæйы культурæйы колледж кастфæуæвæг, бирæ дунеон конкурсты уæлахиздзау **Хъæцмæзты Сæрмæт** ахуыр кæны Мæскуыйы ныртæккон аивады институты зæлон режиссурæйы хайады, фæлæ цыфæндыйæ дæр рæстæг ссардта Алагирмæ 'рбацæуын æмæ аивæдты хи скъолайæн баххуыс кæнынæн. Сæрмæты цагъдæй азæлыд «Ирон кафты музыкæ».



**Фиппаинаг:** Гæздæнты Булаты номыл адæмон инструментты оркестры ныр бирæ азты дæргъы кусынц Алагиры сывæллæтты аивæдты скъола кастфæуæвджытæ **Толпарты Маринæ** æмæ **Боциты Бэлæ**.

Æвзонг кафджытæ **Бокоты Вероникæ** æмæ **Джамаль Сальников** дæсны уагæй акодтой «Хонгæ» кафт, фæндырæй та сын цагъта амынд скъолайы ахуыргæнæг **Хъулаты Маринæ**. Национ преми «Нарты фæткъуы»-йы лауреат **Илаты Тимур** аивæй кæй акодта, Культурæйы галуанмæ 'рбацæуæг адæм уыцы зарæг «Изæр хуымты»-йæ райгонд уыдысты.

Алагиры сывæллæтты аивæдты скъолайы адæмон инструментты хайады разамонæг **Созæты Маринæ** йæ дæсны фæндырдзагъдæй концертмæ æрбацæуæг адæмы зæрдætæ барухс кодта. Бирæ азты дæргъы аивæдты скъолайы кусгæйæ, Маринæ курдиатджын фæндырдзæгъдджыты цалдæр фæлтæры схъомыл кодта. Скъолайы раздæры ахуырдзаутæ сæ ахуыргæнджытимæ иумæ концерты æнтыстджынæй архайдтой.

– Гæздæнты Булат зæрдиагæй æххуыс кодта курдиатджын фæсивæдæн, æвзонг фæндырдзæгъдджытæн фæдзæхста сæ дæсныдзинады къæпхæн уæлдæр кæнын. Булаты аивадон хæзнатæ хъахъхъæныныл архайæм, музыкалон скъолатимæ æмгуыст кæнæм. Абоны концерты фæрцы æвзонг алагираг фæндырдзæгъдджытæм аивадон фæлтæрддзинад фæзынд. Уæвæн ис, æмæ ацы фæсивæдæй иуæйиутæ фидæны суыдзысты профессион музыканттæ. Сфæлдыстадон уагæй курдиатджын фæсивæд нымад сты нæ бæстæйы хæзнайыл, – зæгъы Гæздæнты Булаты номыл адæмон инструментты национ паддзахадон оркестры аивадон разамонæг æмæ дирижер Куымæриттаты Тенгиз.

**БОКОТЫ Зæлинæ**


РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ




Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд **Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ»**. Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй:
**8-928-483-46-51; 25-92-72.**




**Обслуживание колонок и котлов.
Тел.:
8-961-821-90-88.**



Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн – **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
2-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Гаглойты Наташæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редакортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 2763.
Заказ № 443.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru**